



**PENILAIAN TENGAH SEMESTER II SEKOLAH DASAR  
TAHUN PELAJARAN 2020 / 2021**

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa  
Kelas : I (Satu)

Hari, tanggal : Jumat, 5 Maret 2021  
Waktu : 07.30 - 09.00 (90 menit)

**Petunjuk Umum :**

1. Tulislah nama dan nomor pada lembar jawab!
2. Bacalah tiap-tiap soal dengan sebaik-baiknya!
3. Kerjakan lebih dahulu soal yang kamu anggap paling mudah!
4. Periksa kembali pekerjaanmu sebelum kamu serahkan kepada bapak/ibu guru!

**I. Wenehana tandha ping (X) aksara a, b, utawa c ing sangarepe wangsulane sing paling bener ing lembar jawaban kang cumawis!**

1. Ing ngisor iki kalebu jinise tembang dolanan yaiku .....
  - a. pelangi
  - b. siji loro telu
  - c. bintang kecil
2. Bacutna larik tembang iki siji loro telu, tangane ....
  - a. sedheku
  - b. lungguh
  - c. sembrana
3. Mirengake bu guru, menawa didangu tembung didangu tegese ....
  - a. didukani
  - b. diwenehi
  - c. ditimbali
4. Papat nuli lima, lungguhe sing ....
  - a. anteng
  - b. tata
  - c. jejer
5. Yen diwulang bu guru kudu ....
  - a. dolanan
  - b. guyon
  - c. mirengake

**Wacanen crita dongeng iki kanggo mangsuli soal nomer 6 – 10!**

**Kethek lan Macan**

Kethek lungguh sangisore wit gedhe.  
Angin sumilir agawe kethek ngantuk.  
Dumadakan macan wis ana ing sacedhake kethek.  
Kethek wedi banget, macan mesthi bakal mangsa dheweke.  
Kethek banjur mangan pupus godhong jati, lambene kethek dadi abang.  
Nalika macan wis ana ing ngarepe kethek.  
Macan takon “geneya kok lambemu abang kabeh”.  
Kethek mangsuli “aku bar mangan macan”.  
Macan langsung mlayu, wedi yen dipangan kethek.  
Ora ngerti nek dheweke wis kapusan karo solahe si kethek.

6. Irah-irahan crita kasebut yaiku ....
  - a. kethek lan macan
  - b. macan lan kucing
  - c. baya lan kethek
7. Paraga ing crita kasebut yaiku ....
  - a. kethek lan baya
  - b. macan, baya lan kethek
  - c. macan lan kethek
8. Angin sumilir agawe kethek ....
  - a. mlayu
  - b. ngantuk
  - c. mangan
9. Kethek mangan pupus godhong jati, lambene dadi ....
  - a. abang
  - b. ijo
  - c. ireng
10. Manut dongeng kasebut paraga sing kapusan yaiku ....
  - a. kethek
  - b. macan
  - c. baya

**II. Isenana ceceg-ceceg ing ngisor iki kanthi pratitis ana ing lembar wangsulan kang cumawis!**

11. Jaranan, kupu kuwi, padhang bulan kalebu tembang ....
12. Dolanan sinambi nembang agawe ati ....
13. Siji iku basa kramane ....
14. Karo kanca kudu tansah ....
15. Yen arep mangkat sekolah kudu ... bapak lan ibu
16. Crita ing dhuwur kalebu fabel, paragane bangsane ....
17. Ana ing dongeng kethek lan macan, kethek duwe bebuden seneng ...
18. Macan duwe gaman siung lan ... kanggo nyengkerem.
19. Bocah kang seneng ngapusi ora bakal ... kanca.
20. Kethek lungguh sangisore wit gedhe.  
Tembung gedhe basa kramane ....

**III. Wangsulana pitakon-pitakon ngisor iki kanthi pratitis ana ing lembar kang cumawis!**

21. Bacutna ukara iki miturut isine tembang!  
Kupu kuwi tak ...  
Mung abure ...  
... ngetan bali ngulon
22. Tembang dolanan akeh cacahé, coba aranana 3 wae!
23. Larik tembang ngisor iki tulisen nganggo basa krama!  

siji loro telu
----------------
24. Ing crita dongeng kethek lan macan, apa sing dipangan kethek?
25. Sawise maca dongeng kethek lan macan, bocah sekolah kudu kepriye?

**Selamat Mengerjakan!**